

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Ieu bab métode panalungtikan téh medar ngeunaan (1) desain panalungtikan, (2) sumber data, (3) téhnik panalungtikan, (4) instrumén panalungtikan, jeung (5) téhnik analisis data.


#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Dina ieu panalungtikan dipaké pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif, lantaran data anu dikumpulkeun mangrupa dokumén atawa catetan tina naskah drama lain wangun angka-angka. Nurutkeun Moleong (2015, kc. 6) pamarekan kualitatif mangrupa pamarekan pikeun maham fénoména ngeunaan naon anu dialaman ku subjék panalungtikan, misal paripolah, persépsi, motivasi, tindakan, jrrd, sacara holistik ku cara déskripsi dina wangun kekecapan anu alamiah sarta ngamangpaatkeun métode ilmiah. Ku kituna, ieu métode boga udagan pikeun ngagambarkeun sacara sistematis fakta anu kapaluruh tina objék panalungtikan.

Nurutkeun Arikunto (2013 kc.3) métode déskriptif mangrupa panalungtikan anu dimaksud pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén anu geus disebutkeun, anu hasilna ditulis dina wangun laporan. Ieu pangalungtikan ngadéskripsikeun ngeunaan adegan konvérsasi dina naskah drama *Jeblog* karya Nazaruddin Azhar.

Aya sababaraha hal anu perlu diperhatikeun nalika ngalaksanakeun panalungtikan. Satori jeung Komariah (2014, kc. 82) nétélakeun yén aya lima léngkah-léngkah dina panalungtikan kualitatif, nyaéta (1) milih jejer panalungtikan, (2) instrumén atawa ngumpulkeun data, (3) ngalaksanakeun panalungtikan, (4) ngolah data, jeung (5) nyieun hasil panalungtikan.

Patali jeung pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif, dipikabutuh desain panalungtikan minangka prosés pikeun ngararancang hiji panalungtikan sangkan bisa ngagampangkeun dina waktu prak-prakan panalungtikan ti mimiti nepi ka réngsé. Desain panalungtikan saperti ieu di handap.



Gambar 3.1 Desain Panalungtikan

### 3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama *Jeblog* karya Nazaruddin Azhar. Naskah drama anu kandelna 40 kaca tur ngawengku genep babak ieu téh salaku naskah pinunjul I dina Pasanggiri Ngarang Naskah Drama Sunda taun 2007 nu diayakeun ku PP-SS (Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda).

Eusina nyaritakeun di hiji rohangan panjara aya tilu tahanan hukuman mati anu pohara ngalakukeun salah dina hirupna. Kacaritakeun unggal peuting sok aya sora tihak listrik ditakol dumasar kana itungan waktu, antara itungan wanci atawa itungan pati nu matak nyieun ratug beurang peuting. Tilu tahanan panjara ngan ukur bisa ngimpleng angen-angen nu can kalaksanakeun. Ukur bisa imajinasi tur ngalamun ngarah ngalaman.

Dalka, tahanan hukuman mati anu ngalakukeun kasalahan maéhan lima urang langganan indungna. Manéhna anak pelacur, nu sok ditinggalkeun indungna unggal peuting. Saupama indungna aya di imah gé, ngan ukur saré tibra sapopoé, ladang peuting ngulayaban. Euweuh waktu jang nyarita, najan peuting saacan saré sakapeung sok dipangdongéngkeun Nyi Putri Bulan. Euweuh waktu jang panyaluuhan mun haté budakna keur tunggara.

Sarwani, tahanan hukuman mati anu ngabantéy aparat désa. Manéhna cacap kapanasaran. Maéhan kabéh jalma nu sok ngahina kolotna lantaran bapana komunis jeung indungna Gerwani. Manéhna budak turunan PKI, padahal duanana geus taya dikieuna. Manéhna aral lantaran aya nu nancebkeun plang kuburan PKI dina kuburan kolotna jeung ngaguratkeun cap PKI nepi ka manéhna teu bisa nguruskeun KTP-KTP acan. Hiji-hijina cara nu bisa dilakukeun nyaéta ngemu napsu sorangan nepika maéhan jalma.

Burhan, tahanan nu dihukum saumur hirup, ngan duka kumaha bet hiji waktu kapanggih geus paéh jiga-jiga aya nu neluh. Manéhna sok ngabayangkeun bisa ngalayang mumbul jauh ka langit pingpitu. Lir siraru nu muru cahaya, lir manuk nu keur nyacapkeun kasuka. Manéhna dipenjara lantaran jadi téroris, ngabeledagkeun bom dina rangselna di hiji kafé, hadéna kaburu kapanggih. Manéhna kungsi guguru ka Imam sakti mantraguna, tapi élmu nu ka tarimana can sampurna. Manéhna ngalakukeun kitu lantaran hayang bisa tutulung ka sasama, nulungan indung bapana nu maot diteluh, gering parna nu teu bisa dicageurkeun ku dokter.

Via Restu Oktaviani, 2019

Adegan Konvérsasi dina Naskah Drama *Jeblog* Karya Nazaruddin Azhar (Ulikan Pragmatik)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ulikan pustaka. Arikunto (2013, kc.85) nétélakeun yén téhnik ulikan pustaka dilakukeun pikeun ngumpulkeun data konvérsasi tina wacana tulis nu mangrupa dialog dina naskah drama *Jeblog*.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dilaksanakeun saperti ieu di handap.

- 1) nangtukeun sumber data nu mangrupa naskah drama *Jeblog* karya Nazaruddin Azhar;
- 2) maca naskah drama *Jeblog* karya Nazaruddin Azhar;
- 3) nyirian konvérsasi dumasar topik paguneman;
- 4) nyalin konvérsasi kana kartu data.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013 kc.192) instrumén panalungtikan nyaéta pakakas anu dipilih dina waktu panalungtikan anu ngagunakeun hiji métode sangkan leuwih sistematis jeung babari nalika ngolah datana. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data dipaké pikeun klasifikasi jeung déskripsi data.

#### Kartu Data Analisis Adegan Konvérsasi

Sarwani	: “Sapuluh kali! Teu kudu diitung atuh lur. Tiap wayah kieu tangtu jam sapuluh”.
Dalka	: “Tapi bulan can katémbong waé...”
Sarwani	: “Karék jam sapuluh...”
Dalka	: “Biasana sok mucunghul tuluy seuri...”
Sarwani	: “...Sakeudeung deui jam sawelas, jam duawelas, jam satu...”
Dalka	: “Piraku moal aya bulan mah peuting ieu téh nya euy?”
Topik Omongan	: Topik Jembar
Pola Konvérsasi	: C-A-C-A-C-A
Dominasi	: saimbang
(J/1/B1/P1-6)	

Bagan 3.2 Kartu Data

Keterangan:

J : Naskah Drama Jeblog  
 Kaca : 1  
 B1 : Babak ka-1  
 P1-6 : Paguneman ka 1-6  
 Dalka : A  
 Wanoja : A1  
 Burhan : B  
 Wanoja : B1  
 Sarwani : C  
 Wanoja : C1  
 Patugas 1 : D  
 Patugas 2 : E

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Nazir (2014, kc.315) téhnik ngolah data atawa analisis data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, ngamanipulasi, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibacana. Dina ngolah data digunakeun téhnik analisis unsur langsung, unsur anu dianalisisna nyaéta topik konvérsasi, pola konvérsasi jeung dominasi palaku. Léngkah-lengkah dina nganalisis data, nyaéta

- a. niténan deui data penggelan konvérsasi anu geus dikumpulkeun;
- b. nyieun papasingan data dumasar kana topik paguneman, subjejer omongan, pola, jeung dominasi palaku konvérsasi;
- c. analisis data konvérsasi dumasar kana topik paguneman, subjejer omongan, pola, jeung dominasi palaku konvérsasi;
- d. ngadéskirpsikeun data konvérsasi dumasar kana topik jeung subjejer omongan;
- e. analisis pola paguneman dumasar kana dialog unggal topik;
- f. analisis dominasi palaku paguneman dumasar kana dialog anu panglobana;
- g. nyusun kacindekan.